


La Bib pou ti moun prézanté

Jezi geri avèg la



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Janie Forest
Alastair Paterson

Adapté pa : Ruth Klassen

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org


©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopie istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.

Batime te avèg, li te chita bò wout la toupre Jeriko.
Li t ap mande charite. Kèk moun ki te gen konpasyon
ki t ap pase bò kote li a te ba li yon ti monnen,
oubyen yon ti manje. Batime pa te kapab travay,
paske li pa te wè. Li te sèlman ka mande.



Yon jou, wout la te chaje ak aktivite. Batime te tande yon bann bri pye. Yon bagay dwòl t ap pase. Byen vit, avèg nou an te konnen kisa li te ye. Jezi, nonm Nazarèt la, te nan vil la. Foul moun yo te rasanble pou yo wè Jezi, pou yo tande li.




3

"Pitit David la, Jezi, genyen pitye pou mwen !" li te rele byen fò. Poukisa Batime t ap fè sa ? Poukisa li te panse Jezi te ka ede l ? Petèt li te tande pale de gerizon yo. Genyen ki te soud, genyen ki te bèbè, genyen ki te avèg menm jan ak li. "Pitit David la, gen pitye pou mwen !" li te repete. Vwa li te plen lespwa.




4

Batime te sèten sou yon grenn bagay. Si li pa te jwenn èd kounye a, li pa t ap genyen okenn chans ankò. Jezi pa t ap retounen pase nan menm chemen an.



5

Batime te vle pwoche bò kote Jezi. Men, foul la te anpeche li. "Ssssshhh !" yo te di li. Yo te mande li pou l rete trankil.




6

Men, Batime pa te rete an silans. Li te rele pi fò toujou. Jezi te kanpe epi li te di : "Rele li." "Pran kouraj, leve, men l ap rele w," foul la te di Batime.




7

Batime te voye manto li a jete, li te leve kanpe byen vit epi li te vin kote Jezi.




8


"Ki sa w vle mwen fè pou w ?" Jezi te mande li. Ki sa w t ap reponn ? Èske w t ap mande lajan, oswa bèl rad ? Èske se sa Batime te vle ?



Non, Batime avèg la pa te mande Jezi richès. Ou ka devine sa li te vle. "Senyè," avèg la te reponn, "mwen vle jis wè ankò." Batime te vle wè, wè pyebwa yo ak zwazo yo, ak tout bèlte kreyasyon an. Li te vle kapab pran swen tèt li, epi pa mande ankò.




Lè sa a, Jezi di Batime : "Ale, lafwa w te sove w."



Menm lè a, li te wè ankò epi li te suiv Jezi. Tout sa li te kapab di se te "Bondye se yon mèvèy ! Li te geri mwen !" Ala yon bèl moman pou Batime.



Lè yo te wè sa, tout pèp la te fè lwanj pou Bondye. Yon lòt fwa ankò, yo te wè pouvwa ekstrawòdinè Pitit Bondye a ki te fè yon pòv mandyan avèg wè ankò.




Jezi geri avèg la

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

Mak 10; Lik 18; Jan 9

"Pawòl Bondyé poté limyè."
Sòm 119 : 130



Fen

50



60

15

Istwa bibliik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité.
Edé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

16